



Floridakidcare.org
1-888-540-KIDS (5437)

Klike la a Pou Li Kesyon yo Poze Souvan Sou Vaksen KOVID-19

1. Eske vaksen KOVID-19 yo disponib pou timoun yo?

Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (FDA) otorize Pfizer-BioNTech vaksen KOVID-19 la pou itilize l pou timoun ki gen 12 an oubyen plis. Aprann plis sou vaksen sa sou sit Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) [sit entènèt](#).

2. Eske vaksen KOVID-19 yo san danje epi efikas?

[CDC](#) konfime vaksen KOVID-19 yo san danje e yo efikas. Vaksen yo ede tou nan fè prevansyon kont maladi grav, etène lopital e lanmò lakay moun ki gen KOVID-19 la.

Anvan FDA te bay otorizasyon, tès klinik yo te montre vaksen KOVID-19 yo san danje e yo efikas.

3. Ki kote timoun yo kapab pran vaksen an? Eske m ka ale nan CVS oubyen Walgreens, oswa mwen dwe ale yon kote patikilye?

Ou ka mennen pitit ou al pran vaksen an nenpòt kote y ap bay li. Kounye a, se sèlman Pfizer-BioNTech vaksen KOVID-19 ki otorize pou timoun ki gen 12 an oubyen plis, men li posib ke lòt vaksen yo vin disponib alvni.

Jwenn yon vaksen toupre w lè w sèvi ak lokalizatè Depatman Sante Florid la [vaksen lokalizatè](#).

4. Ki kote timoun yo kapab pran vaksen an? Eske m ka ale nan CVS oubyen Walgreens, oswa mwen dwe ale yon kote patikilye?

Ou ka mennen pitit ou al pran vaksen an nenpòt kote y ap bay li. Kounye a, se sèlman Pfizer-BioNTech vaksen KOVID-19 ki otorize pou timoun ki gen 12 an oubyen plis, men li posib ke lòt vaksen yo vin disponib alvni.

Jwenn yon vaksen toupre w lè w sèvi ak lokalizatè Depatman Sante Florid la [vaksen lokalizatè](#).

5. Eske m ap toujou gen pou mwen peye yon pati kòb? Non.

6. Kòman m ap fè konnen si lokal vaksen an rezo ak asirans mwen an?

Piti ou a pa bezwen konsilte yon founisè nan rezo a pou pran vaksen KOVID-19 la. Tout founisè vaksen KOVID-19 yo dakò pa fè peye kèlkeswa si yo nan rezo w la oubyen yo pa ladan l.

7. Eske tout vaksen yo disponib pou pitit mwen an?

Pou kounye a, non. Kounye a, se sèlman vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech la ki otorize pou timoun ki gen 12 lane oubyen plis.

8. Eske pitit mwen an ap gen efè segondè akòz vaksen KOVID-19 la?

Après vaksinasyon an, kapab gen kèk efè segondè. Li posib pou y ale aprè kèk jou. Efè segondè yo se siy nòmal ke kò a ap bay pwoteksyon. Efè segondè ki kouran yo ka gen ladan l doule ak anflamasyon nan bra kote w te pran piki a, lafyèv, frison, fatig, ak tèt fè mal. Si w enkyè akòz kèk efè segondè, ou dwe rele founisè swen sante w la.

Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt CDC a [sit entènèt](#) .

9. Konbyen tan aprè pitit mwen an fin pran vaksen an l ap vaksinen okonplè ?

[CDC](#) konfime ke sa pran de semèn aprè yon moun fin pran dènye dòz vaksen KOVID-19 pou kò a bay pwoteksyon kont viris ki lakòz KOVID-19.

10. Eske pitit mwen an ka toujou simaye KOVID-19 bay lòt moun?

Li posib pou simaye viris la menm aprè yon moun fin pran vaksen an. Yo fè vaksen an pou anpeche viris la fè moun malad. Syantifik yo kontinye ap aprann kòman vaksen yo anpeche timoun yo simaye viris ki lakòz KOVID-19 bay lòt moun, menm si yo pa gen sentòm.

Sepandan, anplis pran vaksen KOVID-19 la, mèyè fason pou evite maladi se pratike bon abitud sante ki te konfime e ki vrè, sa gen ladan l :

- Pran vaksen kont lòt maladi ki ka evite.
- Rete lakay ou lè w malad.
- Lave men w souvan e pou omwen 20 segond.
- Itilize dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl nan engredyan yo.
- Itilize mouchwa w, manch rad oubyen koud bra pou kouvri touse w ak etènne w.
- Evite manyen je w, nen w oubyen bouch ou.
- Netwaye epi dezenfekte bagay ak kote yo touche souvan yo.
- Ouvri fenèt yo, itilize filtè lè epi ouvè vantilatè yo pou amelyore lè k ap sikile lakay ou.

11. Konbyen tan vaksen an ap dire nan pitit mwen?

Syantifik yo kontinye ap chèche konbyen tan vaksen KOVID-19 pwoteje moun.

12. Eske vaksen KOVID-19 ki disponib kounye a ap pwoteje pitit mwen kont nouvo patikil ak varyan viris ki lakòz KOVID-19 la?

Vaksen KOVID-19 yo trè efikas. [Selon sa CDC fè konnen](#), done ki la kounye a, yo sijere ke vaksen KOVID-19 yo itilize Etazini yo trè efikas kont varyan viris moun konnen ki lakòz KOVID-19 la.

13. Eske vaksen an ka bay pitit mwen an KOVID-19?

Non, vaksen an pa ka bay pitit ou a KOVID-19. Milyon moun peyi Etazini pran vaksen KOVID-19, e vaksen sa yo te sibi pi gro siveyans sou sekirite nan istwa Etazini. Siveyans sa gen ladan l itilize tou de nouvo sistèm siveyans sekirite ki etabli yo pou asire ke vaksen KOVID-19 yo san danje. Vaksen an pa gen viris vivan ki lakòz KOVID-19 la alò yon vaksen KOVID-19 pa kapab fè pitit ou a malad ak KOVID-19.

Aprann plis sou sa [vaksen KOVID-19 la ye an reyalite](#).

Pitit ou a ka gen efè segondè aprè yon piki, men se jis yon siy ke vaksen ap travay.

14. Eske gen timoun ki pa ta dwe pran vaksen an?

Gen rezon ki ka fè yo tann pou pa bay vaksen an ak kèk timoun ki malad ak fòs akòz pwoblèm ki kache yo genyen oubyen timoun ki te gen yon reyaksyon ak konpozan vaksen yo anvan sa. Nou ankouraje w pale ak pedyat pitit ou si w enkyè.

15. Eske pitit mwen an (yo) bezwen pran vaksen KOVID-19 la avan yo retounen al lekòl an pèsòn nan otòn lan?

Florid pa mande pou timoun yo pran yon vaksen KOVID-19 avan yo retounen lekòl an pèsòn.

16. Ki kote mwen ka mennen pitit mwen an pran vaksen KOVID-19 la?

Depatman Sante Florid gen yon lokalizatè vaksen sou entènèt [lokalizatè vaksen sou entènèt](#). Ou ka voye kòd postal ou bay GETVAX (pou Anglè) oubyen VACUNA (pou Panyòl) pou resevwa yon mesaj avèk twa lokal li posib y ap bay vaksen an ak nimewo telefòn pou rele pou pran yon randevou.

17. Mwen an sante/Fanmi m an sante. Poukisa nou bezwen pran vaksen an?

Menm si w jèn e w an sante, CDC di tout moun ki gen 12 lane e plis ke sa dwe pran yon vaksen. Moun yo konsidere ki gen mwens chans pou tonbe vrèman malad akòz KOVID-19 la kapab toujou bay viris la ak lòt moun ki gendwa pa ka lite avèl menm jan ak yo. Vaksen an pwoteje w ak tout moun ou renmen yo. Tank gen plis moun ki pran vaksen an nan kominote w la, se plis tout moun ap an sekirite.